

IBIBAZO BIKUNZE KWIBAZWA KU RUKINGO RWA COVID-19

Michigan.gov/COVIDvaccine



Urukingo rwaba rwizewe?

Yego. Uburyo bwakoreshejwe mu kwemeza urukingo rwa COVID-19 ni kimwe n'ubwakoreshejwe mu gukora no kwemeza urukingo rwizewe kandi rukora neza rw'ibicurane, imbasa, iseru na kokorishe. N'ubwo inkingo ziri gukorwa ku buryo bwiouse, biri gukorwa nyuma y'imyaka ya za mirongo y'ubushakashatsi n'amagerageza yo mu rwego rw'ubuzima yagiye yitabirwa n'abakorerabushake babarirwa mu bihumbi za mirongo. Uburyo busanzwe bwo kubahiriza ubuziranenge buracyahari kandi nta guca ku ruhande byakozwe.